



## Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of  
THE BISHOP

---

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

12 Fevrye 2022

Sè m ak frè m yo nan Kris la,

Fen semèn pwochèn, 19 ak 20 fevriye, Dyosèz Palm Beach pral gen yon dezyèm koleksyon pou sipòte prèt lokal nou yo ki pran retrèt yo. Anpil nan prèt retrete nou yo, akòz laj oswa enfimite, yo pa kapab asiste piblikman nan Lanmès la ankò, men yo fè pati entegral fanmiy dyosèz nou an. Anplis sipòte yo finansyèman, nou mande tou pou nou priye pou prèt retrete nou yo pandan menm wikenn sa a.

Lajan yo ranmase nan koleksyon sa a ede sipòte prèske 40 prèt retrete nan senk rejon nou yo. Prèt sa yo, ki te beni nou ak sèvis lajwa yo bay Granmèt la, yo se manm valorize nan dyosèz nou an kounye a epi pou tout tan. Sipò w ou bay prèt retrete nou yo, atravè lapriyè w ak jenerozite w, nou apresye sa anpil. Mèsi davans deske ou pèmèt yo kontinye rete jeran fidèl mistè Bondye a.

Avèk rekonesans pou jenewozite w epi ak tout volonte lapriyè m, se mwen

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach